Дарвиш вац я юуш, я набъеш,

Iамалъяр бен, вац кхин хIума деш.

Эххар цхьа аз кхочу цуьнан лере:

«ХIай воккха стаг, Iамалш ю хьан эрна!

Аравалий, дуьне лаха, хIай,

Нах а санна, ваха хьажа хьайн.

Хьуна хьакъ бац Iаьршаш тIера безам!

Лаьттан дахарх де хьайн гӀуллакх-дезар».

Ткъа дарвиша кхидӀа а наб ца йо,

Яар-малар доцуш, Ӏамал йо.

Цуьнан балхах уллех[10] цхьаъ шекволу,

Цу муридо цу дарвише олу:

«И хьан Ӏамалш цу Ӏорша тӀехь та́ц,

Джаннате[11] ков хьуна доьллуш дац!»

«ХIай сонта лай,  цу дарвийша олу, 

Кевне веънарг, и ков тоьхча, волу.

ДIакъахкийнчун некъ а сирла бо

Къинхетамах догцадилларо.

ХIара дитна, кхин ков дац ас леха,

ХIара боцург некъ а бац дIакххехьа.

Тойнах тилча, воьхна хьовзарх хьо,

Делан шуьнах дог ца диллало.

СагIадоьхург воьду оцу сохьтта,

Цхьаъ ца деллахь, кхечу кевне хIотта.

ДIакъахкийнчун кхаж хилийта сан –

Iамалъярехь вер ву кхин а са.

Кхоьллинчуьнга безам бу сан шорта,

Ийман ду сан чIагIо йолу гIортор!»

Дуьллуш юха цо суджуде хьаж,

Лере догIу тоххарлера аз:

«ГIорза некъ хьайн би ахь доьналлица,

Кхузахь тIеван меттиг бу хьан хIинца».